



Pou Piblikasyon Imedya: 29/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AP BAY MIZAJOU SOU PÈSONÈL SWEN SANTE A APRE APLIKASYON MANDA SOU VAKSEN AN KI SE PREMYE NAN PEYI A

Zewo etablisman swen sante te rapòte yo fèmen depi lè manda a te antre anvigè

Sant operasyon 24/7 yo ap siveye ak rezoud pwoblèm yo depi nan etablisman yo

Dekrè Egzekitif Gouvènè a ogmante anpil mendèv swen sante ki kalifye a pou ede konble mank yo jan sa nesesè

Govènè Kathy Hochul te bay yon mizajou jodi a sou pèsonèl nan lopital yo ak lòt etablisman swen sante yo, apre aplikasyon manda vaksinasyon Eta a. Zewo etablisman swen sante nan Eta a te rapòte yo fèmen depi lè manda a te antre anvigè

"Pi gwo responsabilite nou se pou pwoteje moun ki pi vilnerab nou yo epi asire pwofesyonèl swen sante yo ki bay swen ak pwòch nou yo vaksinen se yon bagay enpòtan pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen rekonesan pou etablisman, sendika ak pwofesyonèl swen sante yo ki te pran mezi enpòtan sa pou prepare ak pwoteje Nouyòkè yo epi ap travay avèk etablisman yo pou asire yo rete operasyonèl. Nou pral kontinye siveye devlopman yo epi travay avèk pati entereze yo pou rezoud nenpòt pwoblèm, epi mwen pare pou pran mezi anplis jan sa nesesè".

Gouvènè a te òdone yon Sant Operasyon 24/24, ki dirije pa Depatman Sante a, pou kontwòle konstaman operasyon ak tandans nan tout eta a, bay enstriksyon a etablisman swen sante yo epi ede rezoud sitiyasyon ak founisè yo jan sa nesesè.

Depi manda a te antre anvigè, Sant Operasyon yo sijè ak ekspè nan zafè a ki te travay avèk etablisman ki afekte yo pou rezoud ak idantifye solisyon yo.

Nan sistèm SUNY an, tout etablisman yo te fè ajisteman operasyonèl pou kenbe sèvis ki enpòtan yo.

Nan maten an, 87% pèsonèl lopital la vaksinen konplètman. Repatisyon konplè, nan etablisman an disponib [isit la](#). Yè, Gouvènè Hochul te pibliye done preliminè ki montre pousantaj vaksinasyon pèsonèl swen sante a ap ogmante kòm rezilta manda a. To ki anba yo se pousantaj travayè ki an konfòmite avèk manda a apati dènye [done](#) ki disponib yo:

- Pousantaj pèsònèl mezon retrèt k ap resevwa omwen yon dòz vaksen COVID-19 se 92%.
- Pousantaj pèsònèl nan etablisman swen adilt k ap resevwa omwen yon dòz vaksen COVID-19 se 89%.
- Pousantaj anplwaye nan lopital k ap resevwa omwen yon dòz se 92%.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)